**दिन—गुरूवार** **दिनांक—02.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक ऐहेन प्रशासनिक मॉडल के आवश्यकता पर जोर देलनि अछि जे मात्र कुशल नहि होयथि अपितु नागरिक केन्द्रित सेहो होयथि। ओ कर्मयोगी साधना सप्ताह के संबोधित करैत एक वीडिया संदेश मे ई बात कहलनि। वर्तमान शासन के नागरिक देवो भवः के मंत्र सँ निर्देशित जनबैत श्री मोदी कहलनि जे एकर उद्देश्य सार्वजनिक सेवा के बेसी सक्षम, संवेदनशील आ नागरिक केन्द्रित बनायब अछि। एम्हर बिहार मे सेहो आइ सँ साधना सप्ताह शुरू भेल अछि। सामान्य प्रशासन विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर बी. राजेनदर सभ राज्यकर्मी लोकनि सँ सप्ताह मे कम सँ कम चारि घंटा कर्मयोगी पोर्टल पर नव तकनीक के सीखबाक अपील कयलनि अछि।

---

केन्द्र सरकार स्पष्ट कयलक अछि जे बिजली उपभोक्ता लोकनिक लेल प्रीपेड स्मार्ट मीटर अनिवार्य नहि अछि। आइ लोकसभा मे प्रश्नकालक दरमियान पूरक प्रश्नक उत्तर दैत ऊर्जा मंत्री मनोरह लाल ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे जँऽ उपभोक्ता प्रीपेड स्मार्ट मीटर के विकल्प चुनैत छथि तऽ एहि सँ मात्र उपभोक्ता लोकनि के नहि अपितु राज्य आ बिजली कंपनी सभ के सेहो लाभ होयत।

---

दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर आई लोकसभा मे शून्यकालक दरमियान प्रस्तावित पशुपतिनाथ धाम—बैद्यनाथ धाम हाई स्पीड कॉरिडोरक निर्माण भेजा—गंडौल, कुशेश्वरस्थान—खगड़िया होयत काराओल जयबाक मांग कयलनि। ओ कहलनि जे एहि सँ ई कॉरिडोर क्षेत्रीय आर्थिक विकासक दिशा मे अपन महत्वपूर्ण भूमिका निबाहत।

---

केन्द्र सरकार पेट्रो केमिकल उत्पाद सभ पर तीस जून धरि सीमा शुल्क मे पूर्ण रूपेण छूट देबाक निर्णय कयलक अछि। पश्चिम एशिया मे विगत दिनक घटना क्रम पर आइ अंतरमंत्रालयी ब्रीफिंग मे केन्द्रीय अप्रत्यक्ष कर आ सीमा शुल्क बोर्ड के सदस्य संजय मंगल ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे एहि छूट सँ पेट्रोकेमिकल आ प्लास्टिक, वस्त्र, फार्मास्यूटिकल्स एहेन उत्पाद सभ पर निर्भर कतेको क्षेत्र के लाभ होयत।

---

प्रदेशक सभ प्रमुख धार्मिक स्थलक सुरक्षा ऑडिट कराओल जायत। राज्य सरकार नालंदा भगदड़ मामिला के बाद ई निर्णय कयलक अछि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार एहि संबंध मे सभ क्षेत्रीय पुलिस महानिरीक्षक, उपमहानिरीक्षक, वरीय पुलिस अधीक्षक आ पुलिस अधीक्षक लोकनि के निर्देश देलनि अछि। वीडिया कॉफ्रेंसक माध्यम सँ आयोजित बैसक मे पुलिस महानिदेशक सभ अधिकारी लोकनि के अपन–अपन जिला मे बेसी भीड़वला धार्मिक स्थल सभ के चिन्हित करबाक आ ओतऽ सुरक्षाक कडग़र व्यवस्था करबाक निर्देश देलनि अछि।

---

राज्य सरकार खसैत भू–जल स्तर आ लू के आशंका के लऽकऽ संबंधित विभाग सभ के युद्ध स्तर पर तैयारी शुरू करबाक निर्देश देलक अछि। आपदा प्रबंधन विभागक संयुक्त सचिव मोहम्मद नद्दीमुल गफ्फार सीद्दिकी के अध्यक्षता मे आयोजित बैसक मे एहि संबंध मे प्रभावी उपाय सुनिश्चित करबाक अधिकारी लोकनि के निर्देश देल गेल। संयुक्त सचिव जल संरक्षणक लेल तत्काल ठोस डेग उठेबाक आ जागरूकता अभियान चलेबाक लेल कहलनि। संगहि ओ लू सँ बचाबक लेल व्यापक स्तर पर तैयारी शुरू करबाक सेहो निर्देश देलनि।

---

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा के दरमियान पछुआ हवा के प्रभाव बनल रहत। उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिन मे उच्चतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस के क्रमिक वृद्धि होयत। ओतहि, न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन संभावना नहि अछि।

---

निगरानी जांच ब्यूरो के टीम मुंगेर प्रमंडलीय आयुक्त कार्यालय के पेशकार मुकेश कुमार के एक लाख सत्तरि हजार टाका रिश्वत लैत रंगेहाथ गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार कर्मी जमीन सँ जुड़ल एक मामिला मे शिकायतकर्ता सँ घूस लऽ रहल छल।

————————————————————————

मोतिहारी के शौर्य स्तंभ पार्क मे पंद्रह अप्रील सँ रक्षा अनुसंधान एवं विकास संगठन द्वारा अत्याधुनिक सैन्य उपकरणक प्रदर्शनी लगाओल जायत। स्थानीय सांसद राधामोहन सिंह ई जनतब देलनि। श्री सिंह स्थल निरीक्षण कऽ तैयारी के सेहो समीक्षा कयलनि। ओ जनौलनि जे ई प्रदर्शनी अठारह अप्रील धरि चलत।

————————————————————————

देशक विभिन्न हिस्सा मे आइ हनुमान जन्मोत्सव पूरा श्रद्धा के संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर मिथिलांचल सहित पूरा प्रदेशक हनुमान मंदिर मे पूजा–अर्चना करबाक लेल श्रद्धालु लोकनिक भीड़ लागल अछि। एम्हर पटना जंक्शन स्थित हनुमान मंदिर मे दर्शन करबाक लेल श्रद्धालु लोकनिक तांता लागल अछि।

————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक भितहा प्रखंड अंतर्गत डीही पकड़ी गाम मे काल्हि राति भीषण आगि लागि गेल। एहि अगिलग्गी के कारण लगभग आधा दर्जन घर जरि कऽ नष्ट भऽ गेल।

अररिया जिलाक बथनाहा भद्रेश्वर टॉल प्लाजा के एसएसबी आ पुलिसक टीम एक वाहन सँ तीस हजार बोतल प्रतिबंधित कोडिनयुक्त सिरप आ नशीला दवाई के संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त